

Pwogram Echèl Frè Varyab la

Health Care District akeyi tout pasyan. Antanke yon Sant Sante ki Kalifye Onivo Federal (Federally Qualified Health Center, FQHC), Sant Sante Kominotè nou yo ofri èd finansye atravè yon **Pwogram Echèl Frè Varyab** (Sliding Fee Scale, SFS).

Pwogram sa a asire ke pasyan yo ka jwenn swen nan yon pri yo ka peye. Rabè ak Frè Varyab la disponib pou tout pasyan, kit ou gen aspirans kit ou pa genyen, si ou kalifye selon kantite moun ki gen nan fanmi ou ak revni fwaye a.

Swen Abòddab pou Tout Moun

Nou konnen ke sitiyasyon finansye tout moun diferan. Se poutèt sa nou ofri yon Pwogram Echèl Frè Varyab la. Li baze sou kantite moun ki gen nan fanmi w ak revni w. Frè varyab la aplike pou chak sèvis nou ofri, ki gen ladan:

- Swen Prensipal (pou adilt ak timoun)
- Sante Fanm
- Swen Dantè
- Sante Mantal
- Medikaman sou Preskripsyon nan Famasi

Tès laboratwa woutin pwofesyonèl swen nou yo te òdone yo enkli tou nan Echèl Frè Varyab la.

Men Sa Ou Dwe Konnen konsènan Peman yo

Sèvis nan Sant Sante Kominotè Health Care District yo: Yo p ap janm refize w sèvis paske w pa ka peye. Nou mande pou w peye sa ou kapab, menm si se pa tout kantite lajan an. Ou pa oblige peye tout bagay yon sèl kou. Nenpòt peman, gwo oswa piti, ede nou kontinye ofri ou menm ak kominote a swen. Epitou, nou kapab kreye yon plan peman ki apwopriye ak ou.

Sèvis Famasi: Si ou jwenn medikaman w nan famasi nou an, ou dwe peye lè ou pran li. Ekip famasi nou an ka ede reponn kesyon ou genyen konsènan medikaman w lan ak pri li koute a.

Pwosesis Aplikasyon pou Echèl Frè Varyab la

Aplikasyon an disponib nan lang Anglè, Panyòl, ak Kreyòl nan moman anrejistremnan nan sant sante nou yo ak sou sit entènèt nou an. Tout enfòmasyon sou aplikasyon an konfidansyèl. Konseye finansye yo disponib pou ede w ranpli li. Si w ta renmen aplike, mande enfòmasyon nan biwo enskripsiyan nan Sant Sante Kominotè w la.

Kijan li Mache

Aplikasyon: Pou wè si ou kalifye pou rabè a, ou dwe ranpli aplikasyon an. Ou dwe bay enfòmasyon sou revni w ak kantite moun ki gen nan fanmi w nan 14 jou youn apre lòt apre premye randevou w la. Si w ap renouvle, ou dwe aplike ankò nan 14 jou apre rabè aktyèl ou a fini.

Kantite Moun ki Gen nan Fanmi an ke yo Konsidere: Yo itilize kantite moun ki gen nan fanmi w ak revni w pou yo wè si w kalifye. Ou dwe montre prèv revni pou chak manm fanmi w ki gen revni.

Kiyès yo konsidere kòm fanmi?

Yon fanmi se yon gwoup moun k ap viv ansanm nan menm kay la epi ki pataje revni ak depans yo. Sa ka gen ladan l:

- Pwopriyetè prensipal kay la epi moun ki fanmi l atravè nesans, maryaj, oswa adopsyon legal
- Moun ki pa gen lyen familyal k ap viv ansanm kòm yon sèl inite (tankou patnè domestik oswa koup ki pa marye)
- Yon timoun ki poko fèt, si gen prèv medikal pou gwasès la epi moun ansent lan ap viv nan kay la

Ki Baze sou Revni: Echèl frè a baze sou Gid sou Povrete Federal la (Federal Poverty Guidelines, FPG). Pasyan ki pi ba 100% FPG peye frè ki pi ba yo, epi pasyan ki nan jiska 200% FPG jwenn yon rabè. Tanpri gade paj 2 pou Echèl Frè Varyab pou Ane 2025.

Prèv Revni: Ou dwe montre revni pou chak manm fanmi w k ap travay ki nan aplikasyon w lan. Prèv ki akseptap yo gen ladan (men yo pa limite ak sa yo sèlman):

- Souch chèk (4 dènye semèn yo)
- Relve bankè, kont kouran ak/oswa epay, ki montre depo oswa transfè lajan
- Relve alokasyon pou chomaj
- Desizyon ki gen rapò ak pansyon alimantè pou timoun oswa vèisman pansyon alimantè
- Deklarasyon pansyon oswa revni retrèt
- Deklarasyon andikap oswa konpansasyon pou travayè
- Lèt anplwayè ki konfime revni
- Deklarasyon fiskal ane pase a, fòm W-2 oswa 1099 (liy revni total)
- Lèt avantaj Sekirite Sosyal oswa SSI
- Lèt prim pou asistans publik
- Deklarasyon fiskal ane pase a ansanm ak Orè C
- Deklarasyon pwofi ak pèt
- Chèk salè yon travayè endependan

Kijan pou Soumèt Aplikasyon W lan

Pote aplikasyon w ranpli a ansanm ak prèv revni w nan nenpòt Sant Sante Kominotè Health Care District. Anplwaye ki responsab enskripsiyan an nan biwo akèy la ap ede w.

Detèminasyon Kalifikasyon

Rabè sou echèl frè varyab la dire pou yon ane si ou kalifye. **Si yo apwouve w**, y ap di w sa vèbalman. Ou dwe aplike ankò chak ane oswa pi bonè si revni w oswa kantite moun ki gen nan fanmi w chanje.

Si w pa kalifye epi yo refize w, ou ka toujou resevwa swen lè w peye tout frè a. Nou konprann li ka difisil pou peye tout bagay yon sèl kou, se sa k fè nou ofri plan peman. Yo p ap refize w swen si w pa ka peye tout montan yon sèl kou nan moman vizit ou a. Ou ka aplike ankò tou si revni w oswa kantite moun ki gen nan fanmi w chanje.

Si w gen kesyon, tanpri mande nan biwo enskripsiyan an nan Sant Sante Kominotè w la. Nou la pou nou ede w.



- 1 Chwazi kantite moun ki gen nan fanmi w.**
- 2 Idantifye nan ki nivo ou ye nan kolòn yo selon revni total ou.**
- 3 Jwenn pri sèvis ki koresponn ak nivo ou ladann nan, anba a.**



Health Care District Community Health Centers ECHÈL FRÈ VARYAB POU ANE 2025

1	2 Montan An Dola Pou Chak Ane – Revni Anyèl				
Nivo Povrete	Mwens pase: <100%	>100% to 150%	>150% to 175%	>175% to 200%	Plis pase: >200%
Kantite Moun ki Gen nan Fanmi an	A	B	C	D	E
1	\$15,650.00	\$15,650.00 - \$23,475.00	\$23,475.00 - \$27,387.50	\$27,387.50 - \$31,300.00	\$31,300.00
2	\$21,150.00	\$21,150.00 - \$31,725.00	\$31,726.00 - \$37,012.50	\$37,012.50 - \$42,300.00	\$42,300.00
3	\$26,650.00	\$26,650.00 - \$39,975.00	\$39,976.00 - \$46,637.50	\$46,637.50 - \$53,300.00	\$53,300.00
4	\$32,150.00	\$32,150.00 - \$48,225.00	\$48,226.00 - \$56,262.50	\$56,262.50 - \$64,300.00	\$64,300.00
5	\$37,650.00	\$37,650.00 - \$56,475.00	\$56,476.00 - \$65,887.50	\$65,887.50 - \$75,300.00	\$75,300.00
6	\$43,150.00	\$43,150.00 - \$64,725.00	\$64,726.00 - \$75,512.50	\$75,512.50 - \$86,300.00	\$86,300.00
7	\$48,650.00	\$48,650.00 - \$72,975.00	\$72,976.00 - \$85,137.50	\$85,137.50 - \$97,300.00	\$97,300.00
8	\$54,150.00	\$54,150.00 - \$81,225.00	\$81,226.00 - \$94,762.50	\$94,762.50 - \$108,300.00	\$108,300.00

Pou inite fanmi ki gen plis pase 8 manm, ajoute \$5,500 pou chak manm adisyonèl. Egzanp: Fanmi ki gen 9 moun = \$54,150 + \$5,500 = \$59,650

Pri pou Chak Sèvis	3 Itilize koulè ki pou ou anwo a pou konnen pri sèvis ou a.				
<ul style="list-style-type: none"> Swen Prensipal Swen pou Granmoun ak Swen Pedyatrik Sante Mantal Sante Fanm Swen Dantè 	\$30.00	\$50.00	\$70.00	\$90.00	Pri Konplè
Famasi					
Medikaman Yo chaje frè pou chak medikaman epi li gen ladan frè distribisyon medikaman an.	\$5.00	\$7.00	\$9.00	\$11.00	Pri Medikaman + Frè Distribisyon

Baze sou Gid Povrete Federal Ane 2025 yo

Tout frè sèvis yo aplike separeman pou chak sèvis endividyèl. Si ou gen plizyè randevou nan menm jou a, chak randevou ap gen pwòp frè pa li. Sèvis Laboratwa yo enkli nan frè Echèl Frè Varyab la. Yo mete Echèl Frè Varyab la ajou chak ane sivil.